


# Swen Tibèkiloz : Kisa Pou w Atann Ou

Nenpòt moun ka gen tibèkiloz (TB). Yo ka trete l. Ale fè tès pou w ka konnen estati w parapò ak TB.




## Randevou

Yon moun ki bezwen fè yon evalyasyon TB ap pran yon randevou nan yon klinik oswa yon lopital.



## Sentòm ak Depistaj

Yon pwofesyonèl swen sante ap fè tès depistaj pou ou pou sentòm yo epi ap fè yon egzamen TB pou ou sou po oswa nan san.



Si tès ou a pozitif oswa si ou gen sentòm, ou dwe sibi plis evalyasyon pou TB.




Si tès ou a negatif oswa si ou pa gen okenn sentòm, nan majorite ka ou pa p bezwen plis evalyasyon.\*



## Evalyasyon Medikal

Yon pwofesyonèl swen sante ap fè yon radyografi torasik pou ou, et li ka pran echantyon flèm pou al egzamine.



## Dyagnostik

Gen de tip enfeksyon TB:  
TB ki latan (enfeksyon TB ki pa gen sentòm) ak TB aktif (enfeksyon TB ki gen sentòm).



## Plan Tretman

Moun ki gen TB ki latan oswa aktif ap genyen yon plan tretman ak medikaman ki espesifik pou yo.



## Terapi sou Obsèvasyon Dirèk

W ap pran medikaman yo sou obsèvasyon yon travayè swen sante, k ap ede w amelyore rezulta tretman an e k ap ede w rete sou medikaman an



## Konplete Tretman an

Pou geri TB, li esansyèl pou ou pran medikaman an jan yo preskri w li a. Lè ou fini tretman an sa ap pwoteje ou menm ak lòt moun, tankou fanmi ou, zanmi w ak kominote a.



## Prezèvasyon Sante

Li rekòmande pou w fè yon suivi ak ekip swen sante w la aprè tretman an pou siveye ak kenbe yon bòn sante.

Pou plis enfòmasyon, rele **311** oswa ale sou [nyc.gov/health/tb](http://nyc.gov/health/tb).

\* Moun ki an kontak ak moun ki gen TB aktif oswa ki gen sistèm iminitè afebli ka bezwen plis evalyasyon.